# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 जनवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

उत्तर प्रदेश दिवस चौबीस जनौरी के मनावल जाई। एहसे पहिले आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया के जरिये विकसित उत्तर प्रदेस के संकल्प के दोहरावत आ अपीलि करत उत्तर प्रदेस दिवस क अग्रिम सुभकामना दिहले हवें। 'योगी की पाती' नांव से साझा पोस्ट में श्री योगी कहलें कि कृषि क्षेत्र में उत्तर प्रदेस देस के खाद्य सुरक्षा क रीढ़ बनि के उभरल हौ। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने कहह है कि प्रदेश में पलायन की पीड़ा और बेरोजगारी का दंश समाप्ति की ओर है लेबर रिफॉर्म, डी–रेगुलेशन, एमएसएमई, कौशल विकास, स्टार्टअप और ओडीओपी ने प्रदेश को लोकल से ग्लोबल की दिशा में अग्रसर करते हुए बड़े पैमाने पर रोजगार सृजित किए हैं। असीम संभावनाओं वाला हमारा प्रदेश संघर्ष और नीतिगत उदासीनता की बेडियों को तोड़ते हुए बीमारू राज्य से भारत के विकास का ग्रोथ इंजन बन गया है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मेरठ के सलावा में प्रदेस कै पहिला मेजर ध्यानचन्द राज्य खेल विश्वविद्यालय क निरीक्षण कइलें। उहां के अधिकारियन के एकतीस मई दुइ हजार छब्बीस ले विश्वविद्यालय में सैक्षणिक सत्र सुरू कइले क निरदेस दिहलीं। येह मौका पर श्री योगी पत्रकार वार्ता में कहलें कि पछिला इग्यारह बरिस में देस में खेलि के ले के एगो नया संस्कृति बिकसित भइल बा। खेलो इण्डिया, फिट इंडिया मूवमेंट आ सांसद खेलकूद प्रतियोगिता खेलन के नया दिसा दिहले हौ।

**आदरणीय प्रधानमंत्री जी की प्रेरणा से हर ग्राम पंचायत में खेल का मैदान हो, ब्लॉक स्तर पर मिनी स्टेडियम, जनपद स्तर पर एक स्टेडियम का निर्माण, विधायक खेलकूद प्रतियोगिता और ग्रामीण लीग की प्रतियोगिताओं के माध्यम से खेल संस्कृति को एक नई ऊँचाई देने का प्रयास किया।**

**********

छियासिवां पीठासीन अधिकारी सम्मेलन में आइल पीठासीन अधिकारियन क दल आजु अजोध्या पहुंचल। ओइजा उनकर फूल बरसा के भव्य स्वागत कइल गइल। सज्जो अतिथि श्रीराम जनमभूमि मंदिर में दरसन–पूजन कइलें। विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना कहलें कि देस भर से आइल करीब चारि सौ पीठासीन अधिकारी आजु श्रीरामलला क दरसन कइलें।

**********

वाराणसी के श्री काशी विश्वनाथ मंदिर आवे वाले सरधालुअन के सुविधा बदे श्री काशी विश्वनाथ मंदिर न्यास आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस–एआई चैटबॉट क सुविधा सुरू कइले हौ। एकरे जरिये मंदिर आवे वाले देस–बिदेस क सरधालु कहीं से मंदिर से जुड़ल जनकारी आ सेवा ले सके लें। ई चैटबॉट मंदिर क आधिकारिक वेबसाइट आ डिजिटल प्लेटफॉर्म पर मौजूद बा।

**********

'बेटी बचाओ बेटी पढ़ाओ' अभियान क आजु इग्यारह बरिस पूरा हो गइल हौ। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि भारत में बेटियन के लक्ष्मी के तरियन पूजल जाला। उहां के कहलीं कि ई बहुते गर्व क बाति बा कि आजु देस क बेटी हर क्षेत्र में रेकार्ड बना रहलि हइनि आ राष्ट्र के प्रगति में खास जोगदान दे रहलि हइनि। एगो रिपोर्ट–

**देश में लैंगिक असंतुलन और गिरते लिंगानुपात की गंभीर समस्या के समाधान के लिए प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने 22 जनवरी, 2015 को हरियाणा के पानीपत से बेटी बचाओ, बेटी पढ़ाओ योजना का शुभारंभ किया था। इस योजना ने सरकार, नागरिक समाज, मीडिया और आम जनता को एक साथ जोड़ते हुए लैंगिक भेदभाव के खिलाफ एक व्यापक अभियान को मजबूती दी है। इससे बेटी के महत्व को लेकर सामाजिक सोच में सकारात्मक बदलाव आया है और उसके अधिकारों सम्मान तथा अवसरों को सुनिश्चित करने की दिशा में ठोस प्रयास हुए हैं। बेटी बचाओ, बेटी बचाओ बेटी पढ़ाओ योजना में उल्लेखनीय प्रगति दर्ज की है। राष्ट्रीय स्तर पर जन्म के समय लिंगानुपात बढ़कर 930 हो गया है जो वर्ष 2014–15 में 918 था। अनुपम मिश्र के साथ अंकित कुमार, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि सिक्षित, संस्कारी आ स्वावलम्बी बेटी नया भारत क पहिचान हइनि।

**********

राष्ट्रपति भवन परिसर क अमृत उद्यान तीनि फरौरी से एकतीस मार्च ले आम लोगिन बदे खुलल रही। एगो रिपोर्ट–

**अमृत उद्यान के लिए पंजीकरण और प्रवेश निशुल्क है। बुकिंग विजिट डॉट राष्ट्रपतिभवन डॉट जीओवी डॉट इन पर की जा सकती है। आगंतुक प्रवेश द्वार के बाहर बने स्वयं सेवा क्ियोस्क से सीधे टिकट ले सकते हैं। सभी आगंतुकों के लिए प्रवेश और निकास नॉर्थ एवेन्यू मार्ग के पास स्थित गेट संख्या 35 से होगा। आगंतुको की सुविधा के लिए केंद्रीय सचिवालय मेट्रो स्टेशन से गेट नंबर 35 तक सुबह 9.30 बजे से शाम 6.00 बजे के बीच हर 30 मिनट पर शटल बस सेवा उपलब्ध रहेगी। अनुपम मिश्र, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन में बिहने कहीं–कहीं बिजुली गिरले आ झोंकेदार बेयारि चलले क येलो अलर्ट जारी कइले हौ।

**********